Нобэ Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№48 (22.706) • 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Абы дегъэпIейтей

Псоми ди зэхуэдэ къалэнышхуэ

Адыгэ тхыбзэм и махуэр ди льэпкь махуэшхуэхэм ящыщ зы зэрыщхурэ илъэс 11 ирикъуащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2003 гъэм къыщта унафэ щхьэхуэм ипсэ иткIэ, илъэс къэс гъатхэпэм и 14-м ар зэрыдогъэльапIэ Щы хьурейм адыгэу тет псоми. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 1853 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14-м дунейм кьыгтехьауэ щытащ льэпкь щIэныгъэлI Бырсей Умар и къалэмыпэм кьыпыкIа, адыгэбзэкIэ тха яп тхыльыр - «Адыгэбзэ псалъэр».

АНэбзэР хьумэн кьалэнышхуэм илъэс куэд льандзрэ хуэлажьэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэр. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхущхьэмкIэ и министрствомрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ кьыхахьауэ щыта а зэпеуэм и проектыр 1998 гъэм кьащтауэ щытащ. Яп зэхьэзэхуэхэр кьыз зэрагъэпэщащ 1999 гъэм. АдыгэбзэкIэ ежьа зэхьэзэхуэм зиубгъуащ. Школ, сабий сад зэмылIэужьыгъуэу 15 - 20, егъэджакIуэу 100-м щIигъу, еджакIуэ 1000 - 1500-рэ ильэс къэс зэхэзышъ зэпеуэр иджы балькъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи йокIуэ. КъищынэмыщIауэ, абы зыщIыбгъуащ Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Шапсыгъми. Адыгэхэр зэрыс щIыналъэхэр я лIыкIуэхэмкIэ зохьуажэ, зэпеуэр зэрегъэкIуэжкIыпхъэ IэмалхэмкIэ зэдгугъашэ. Ди гугъэщ проектым адэжи зедгъэужьу, дунейпсо мардэм нэдгъэсыну, Тыркум, Иорданием, Израильм щылажьэ адыгэ школхэри абы кьыхэтшну.

Фестиваль жьпхъэр зыгъуэта, щIэныгъэ-кьэхутакIуэ лэжьыгъэм хуэкIуа зэпеуэм унэтIыныгъэщIэхэр егъэут. Апхуэдэу абы зэрешалIэ льэпкьым и кьэдУнум, ди анэдэлъхубзэм папщIэ зигугъэ зилрэ уз цIыху куэд, я ныбжьымрэ яIыгъ кьулыкьумрэ емыльытагъэ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр, зэрынэрылъагъущи, школ Iуэху кьудей мыхьуу, кьуажэпсо, щIыналъэпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьыхьэм хуокIуэ. Абы и щыхьэтщ щIыпIэ админитрацэхэм я унафэщIхэр, кьуажэдэхэр, адэ-анэхэр абы жьджэру зэрыхэтыр, льэпкь Iуэхур еджапIэхэмэ егъэджакIуэхэми даIыгъуу.

ЗИ щхьЕ пщIэ хуэзыщIыжу дунейм тет дэтхэнэ льэпкьри хущIэкъун хуеящ и анэдэлъхубзэм и дахагъыр, кьабзагъыр, абы и зэфIэкIыр зэригъэльэгъуэным, ар зэрихьумэным. Апхуэдэхэм, шэч хэмылъу, дащыщу адыгэхэр. Абы кьыхэкIыун бзэр егъэфIэкIуэным, кьэкIуэну щIэблэхэм яхуэхьумэным пыщIа Iуэхугъэ псори льэпкьым и цIыху дэтхэнэмэ я зэхуэдэ кьэлэнщ: унафэщIхэми, адэ-анэхэми, егъэджакIуэхэми, бзэм елэжь щIэныгъэлIхэми, тхакIуэхэми, газетым, радиом, телевиденэм я лэжьакIуэхэми.

Анэдэлъхубзэр хьумэным, абы адэжи зиужьыным сыт хуэдэ жылагъуэ гулыгъэ ягъуэтми, абы и кьарур щIэзыгъэбыдэр къэрал унафэщхэм я Iуэхум хуаIэ щытыкIэрщ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм екьэлаУэ жьпIэмэ, псом яп а махуэшхуэр 2000 гъэм кьыщащтащ Адыгэ Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсым - Хасэм. Апхуэдэ кьэрал макъэхэр а махуэшхуэм 2005 гъэм щратащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Цыхубэ Зэхуэсми (Парламентми). Адыгэ тхыбзэм и махуэр ди щIыналъэми махуэшхуэу щыгъэувыным екьэлIа проект КъБР-м и Парламентым щIэльщ 2007 гъэ льандзрэ. АрщхьэкIэ абы идижьри кьэс кьэрал унафэ игъуэтакъым. Республикэм и унафэщIхэм дащогуть зэман благъэм кьриубыдэу льэпкьпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхум гулыитэ хэха хуащIыну, унафэ щхьэхуи тращIыхьыну.

Адыгэбзэр мыкIуэдыжьыным, зэрегъэужьыным псори дыхуэзыжьэн хуейщ, ди республикэм, кьэрал, дуней псом абыкIэ щызекIуэ хабзэхэр тегъэщIапIэ тщIыу.

ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор игъэщIэн,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 6-м *№96-рп*

ФадэмкIэ рынокыр убзыхунымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и ЩIыналъэ зэхуаку управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм, Налогхэмкiэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм, Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэращIыла Зэгурыiуэныгъэр гъэзэщIэн мурадкIэ:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм этил спиртыр, фадэр, спирт зыхэт продукцэр кьыщыщIэгъэкIынымрэ щызэбгъэкIынымрэ ехьэлIа Iуэхуэхэм я льэныкьуэкIэ ведомствоэхэр зэдэлэжьэнымкIэ комиссэм хэтэр кьэщтэн, мы Унафэм и гуэдэным зэригъэм хуэдэу.

2. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэльыплъыну и щIэлъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и яп кьуэдзэ Альтуд Ю. Къ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
ХРАМОВ Константин

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 6-м кьыдигъэкIа Унафэ №96-рп-мкIэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм этил спиртыр, фадэр, спирт зыхэт продукцэр кьыщыщIэгъэкIынымрэ щызэбгъэкIынымрэ ехьэлIа Iуэхуэхэм я льэныкьуэкIэ ведомствоэхэр зэдэлэжьэнымкIэ комиссэм

хэтхэр

Альтуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и яп кьуэдзэр *(комиссэм и унафэщIу)*

Хьэжы В. Хь. - Налогхэмкiэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщ Iым и кьуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Ахьэхьу Т. Б. - Налогхэмкiэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

АфIэуцI З. Л. - Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и управленэм и кьудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Безбородов В. А. - ФадэмкIэ рынокыр убзыхунымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и ЩIыналъэ зэхуаку управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Васильев С. В. - кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

КIэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкIэ и министыр

Кладько И. Е. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министыр

Къурэшей Р. А. - Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкiэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм экономикэ щынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и управленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Кучменов Тт. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIыр

Мусуков А. Тт. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьынигъэмкIэ и министыр

Мэремыкьуэ С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкiэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Росляков Д. В. - ФадэмкIэ рынокыр убзыхунымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и ЩIыналъэ зэхуаку управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и кьудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щыхьмырзэ М. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кэмэкъумэш хозяйствэмкIэ и министыр

Шэт М. Н. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэр *(комиссэм и секретарщ)*

Яковлев В. С. - ФадэмкIэ рынокыр убзыхунымкIэ федеральнэ кьулыкьущIапIэм и ЩIыналъэ зэхуаку управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 6-м *№97-рп*

2014 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыуэ щыт кьэрал экзаменхэр кьыщеIыхьнымэ зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ лэжьакIуэ гупым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм мазаем и 7-м кьыдигъэкIа Унафэ №36-рп-мкIэ кьыщтам, мы кьыкIэльыкIуэ зэхьэзэхьныгъэхэр хэтхьэн:

а) лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы кьыкIэльыкIуэхэр:

Фыро Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Iым и кьуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщIу)*

Гъазаев Д. Кь. - Связь хэхамкIэ управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Жанатаев С. А. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэр *(зэгурыIуауэ);*

Минин В. П. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Печатымрэ щIыхьэ коммуникацэхэмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщIым и кьуэдзэр

б) кьэгъэлъэпIэнхэр Емуэ Н. Гъу, щIэуэ иIыгъ кьулыкьум зэреджэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкiэ и министрыр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщIым и кьуэдзэщ)*

в) лэжьакIуэ гупым кьыхэгъэщIыкьын Дол А. З., Марьяш И. Е., Къумахуэ М. Л.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
ХРАМОВ Константин

● АПК

Къэув къалэнхэр зэпкърах

Налшык щекIуэкIащ химие щхьэхьхуэмрэ пестицидхэмрэ хэмыту мэкъумэш кьэкIыгъэхэр кьэгъэкIыным, органикэ продукцэм и рынокыр убзыхунымкIэ къэув кьалэнхэр щызэпкьрахэ конференц. Абы хэтащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, КIуэкIуэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш университетым, республикэм и АПК-м и IэнатIэ пашхэмрэ сату Iуэхущапlэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

АРУАН районым хыхьэ Къэхьхун, Шэрэдж Ищхьэрэ кьуажэхэм я уней подсобнэ хозяйствэхэм щызэрахьэ кьэкIыгъэхэр хэкIуэдэжьным нэсащ. «КъБР-м и агросоюз» НПП-м и унафэщI Теуцожь Мурат кьызэригъэлъэгъуамкIэ, мэкъумэшхэкI кьабзэ кьепхьэлIэн щхьэкIэ, куэншыбмрэ химие Iэмалхэр зэуIуу къэгъэсэбэныр хуейщ. КъищынэмыщIауэ, а технологием бэдрэжан хьэнкIэ зэджэ узыфэм кьэкIыгъэр щихьумэнущ.

«Урысейм и мэкъумэш центр» ФГБУ-м и щIыналъэ кьудамэм и агроном пажэ Шыдакъ Зухра, архив тхылъхэр и тегъэщIапIэу, гъавэ щIапIэхэм биологие Iэмалхэр фейдэ пылъу кьызэрыцIыхьэм тепсэлъэхьэныгъэм хэмыту зэуIуу къэгъэсэбэныр хуейщ. КъищынэмыщIауэ, а технологием бэдрэжан хьэнкIэ зэджэ узыфэм кьэкIыгъэр щихьумэнущ.

«Урысейм и мэкъумэш центр» ФГБУ-м и щIыналъэ кьудамэм и агроном пажэ Шыдакъ Зухра, архив тхылъхэр и тегъэщIапIэу, гъавэ щIапIэхэм биологие Iэмалхэр фейдэ пылъу кьызэрыцIыхьэм тепсэлъэхьэныгъэм хэмыту мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и унафэщI Занилэ Iэмырхан кьыхилъхьащ кьэкIыгъэхэм я экологие щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуа гъэунэхуныгъэхэм Аруан районым щыхухахьну щы Iыхьэхэм зыщрагъэжьэныну. Куей администрацэмрэ «Агросоюз»-мрэ я мурадыр даIыгъынущ. «Живое земледелие» ООО-м и Iэтащхьэ Гараев Иван кьыхилъхьащ куэншыбыр фейдэ пылъу кьызэрагъэсэбэн технологие хьэзырхэм хуэкIуэн папщIэ, а Iэмалыр кьэзыщIэну щIыналъэхэм ди республикэрэ хагъэхьэну.

ЗэIуIэм хэта псоми кьыхагъэщащ продукцэ кьабзэхэр хэгъэзыхьынишэу сертификацIу зыгъэщIыну щIыкIэр ягъэбелджылын, органикэ технологиехэр АПК-м хапщэн папщIэ, Урысейм и нэгъэуцI щIыпIэхэм я зэфIэкIыр кьагъэсэбэным, апхуэдэу органикэ, мэкъумэшхэкI, ерыскьы продукцэхэр щащну «экотельхьэпIэхэр» жьхуаIэм хуэдэхэр кьызэрагъэпэщын зэрыуейр.

«КъБР-м и агросоюз» НПП-м и пресс-Iуэхущапlэ.

Еджакiуэхэм я узыншагъэм иджыри кIэлъоплъ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ Марьяш Иринэ и пашэу кьызэрагъэпэща правительствэ комиссэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм зыгъэпсэхьыхьащ Шэрэдж Ищхьэрэ кьуажэм и курыт школым и еджакIуэхэу хлорым кьыщыкъырыкIа гъуэзыр зи узыншагъэм зэран хуэхъуахэм санаторэ кIэлъыплъынымкIэ, психологие дзIэпыкьунымкIэ зэрагъэтым теухуа Iуэхущхьэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ еджакIуэ 76-рэ щыIэщ Ставрополь крайм хыхьэ Железноводск къалэм дэт санаторэм. ЗэIущIэм хэтахэм кьыкагъэщащ сымаджэ хьуа сабийхэм я узыншагъэр зытеуэжьыу зыхуэныкьуэ медицинэ дзIэпыкьунымкIэ зэрагъэтынур.

Къэхъуа Iуэхум и щхьэусыгъуэр зэхагъэкIыкукIэ зэхуащIауэ щыта курыт еджапIэ кьызэIуихьжьныи тепсэлъыхьащ. УФ-м Щыхуэхэм я хунтынигъэмрэ зэпэщIынигъэмрэ кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ Iуэхущапlэм и кьудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Бэракъ Ринат и псалъэхэм кьызэрыхэщамкIэ, школым и пэщхэм щIэт хьэуар кьапщытэу гъатхэпэм и 12-м ирагъэкIуэкIа кьхэхутэныгъэхэм ятепщIыхьхьэ, ар санитарием и эпидемиологиемрэ кьагъэуцу жьпхъэхэм хуокIуэ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, кьэхъуам теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ, абы ипкь иткIэ унафэщIхэм яхь жэуапльнигъэ зыхуэзэр зэгъэгъэкI.

КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

Дунейм щыхьыбархэр

Урысей Федерацэр къыхураджэ

Украинэм къыщыхъухэм, псом хуэмыдэу Кърымым щрагъэкIуэкIыну зызыхуагъэхьэзыр референдумым, теухуа зэныкьуэкьуэкIэр зэщIэпльэ зэпытщ. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, а щIыналъэр Украинэм къыгуэкIыу УФ-м къыхьыхьэным теухуа IэIэтыр гъатхэпэм и 16-м траухащ.

«Къэралиим я зэгухьэныгъэм» хэтхэм иджыблагъэ зэIущIэ ирагъэкIуэкIри, а Iуэхум зэреплъыр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ зэбгрыгъэхащ.

«Дэ, Канадэм, Франджым, Германием, Италием, Японием, Великобританием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я унафэщIхэм, Европэ Советымрэ Европэ Комиссэмрэ я президентхэм, Урысей Федерацэр кьыхуодджэ Кърымым и статусыр зэхъуэкIыным теухуауэ абы щекIуэкI Iуэхуэхэм хэмыдэбэну, сыту жьпIэмэ ар Украинэм и законодательствэмэ дунейпсо хабзэхэмэ кьеззгъэшрыкъым», - щыжеIэ а тхыгъэм.

НэхъапэлъэкIэ урысей дипломатхэм кьыхагъэщацэу щытащ а щIыналъэм щыпсэу урысейхэм кьащхьэщцыжьныр ди къэралым и кьалэну зэрыщытыр икIи абы хуэунэтIа Iэмал псори кьызэригъэсэбэныр.

Газ къызэрыуам и зэранкIэ

ЗэкIэ къызэратамкIэ, цыхуибл зэкIуэдащ. 74-м фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр хахащ Нью-Йорк и Манхэттен хьэблэм унитI, зыр къатих, адрейр къатитху хьуущ, къыщыщIауам.

ЩытыкIэм кIэлъыплъхэм къызэральытэмкIэ, а бжьыгъэр нэхъыбэ хьункIэ хьунущ, сыту жьпIэмэ блын къызэтещхьахэр къызэтрахыу аращ икIи абыхэм щIиубыдар дапщэ хъуми ящIэркъым. Къэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къальытэгъэ газ къызэрыуащ.

А щIыпIэм пэжьыжь дыдэу щытт унэхэми щызыхащащ а къэхъукъащIэр, апхуэдизкIэ къаруушхуэ иIэт газ къэуам. Абы и Iэуэльауэр зэхэзыхьэр, уеблэмэ, игъэгужьеят, 2001 гъэм Дунейпсо сату центрым и унитIыр кьыщагъэуам хуэдэ гуэр кьэхъуауэ я гугъэри.

И лъэужь ягъуэтыркъым

Къэрал пщыкIутхум я къэльыхъуакIуэ-къэгъэлакIуэ Iуэхущапlэхэм щыщ Iэщlагъэлэпхэм махуитху хъуауэ къальыгъуэ «Малайзиэр-Эйрлайнс» компаниием и «Боинг-777» къэхьыльатэр.

Ар Малайзиием и кьалащхьэ Куала-Лумпур кьыщыльтельэтыкIауэ Китаим и щыхьэр Пекин кIуэрт. Кхъухьльатэр узэум сыхьэтитIым нэблагъэкIэ итауэ, радархэм икIуэдыкIащ. Абы исащ цIыху 239-рэ, къэрал 14-м щыщу.

Кхъухь 42-рэ, кхъухьльатэу 35-рэ, спутник пщIы бжьыгъэхэр, Iуэхур зэхэгъэкIыныкIэ щIэныгъэм, егъэджэныгъэмрэ IэмалышIэхэр кьэгъэсэбэпынымрэ щызэдэлажьэным хуэунэтIа илъэсым хыхьэу кьызэрагъэпэща съезд.

■Гъатхэпэм и 14 - 16-хэм Монреаль (Канада) щекIуэкIынущ шорт-трекымкIэ дунейпсо чемпионат.

■Австриием щыщ композитор, дирижёр цIэрыIуэ **Штраус Иоганн** къызэралъхьэрэ илъэс 210-рэ ирокIу.

■Нэмыцэ физик, Нобель и саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** къызэралъхьэрэ илъэс 135-рэ ирокIу.

■ТхакIуэ, литературовед, критик, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 9, жэщым щIыIэр градуси 2-м щынэсынущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариянэ.

НОБЭ

■Адыгэ тхыбзэм и махуэщ
■Жэйм и дунейпсо махуэщ
■Пэкьэр хуэмэным хуэунэтIауэ Iуэху хахьажьэ щрагъэкIуэкI махуэщ

■1853 гъэм адыгэбзэкIэ къыдэкIащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъэр».

■1990 гъэм Горбачев Михаил СССР-м и Президенту хахащ.

■1995 гъэм Налшык экономико-правовой лицей къыщызэIуахащ.

■Брюссель щызэхэтынущ Урысеймрэ Европэ зэгухьэныгъэм хьыхь яхэзралхэмрэ щIэныгъэм, егъэджэныгъэмрэ IэмалышIэхэр къэгъэсэбэпынымрэ щызэдэлажьэным хуэунэтIа илъэсым хыхьэу къызэрагъэпэща съезд.

■Гъатхэпэм и 14 - 16-хэм Монреаль (Канада) щекIуэкIынущ шорт-трекымкIэ дунейпсо чемпионат.

■Австриием щыщ композитор, дирижёр цIэрыIуэ **Штраус Иоганн** къызэралъхьэрэ илъэс 210-рэ ирокIу.

■Нэмыцэ физик, Нобель и саугъэтым и лауреат **Эйнштейн Альберт** къызэралъхьэрэ илъэс 135-рэ ирокIу.

■ТхакIуэ, литературовед, критик, зэдзэкIакIуэ, КъБР-м щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 7 - 9, жэщым щIыIэр градуси 2-м щынэсынущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариянэ.

Льэпкъ Iуэщыгъэ:

Гъусэ ямыщIынум блэкIрэ пэт йоджэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Ди газетым гъатхэпэм и 25 щIондэ Iэ тевдзэмэ, ар ныфIэрыхьэнущ мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзаущ.

Мазищым ди газетым и уасэщ сом 201-рэ кIэлIейкIэ 66-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Іуэху еплъыкІэ

Лэжьакіуэ Іэщіагъэхэм я пщІэр къэІэтыжын

Иужьрей лъэхъэнэм къэралым щекІуэкІ социально-экономикэ Іуэхуіуэхэм щытыкІэ гугъум ирагъэуваш щІалэгъуалэр егъэджэным, Іэщіагъэр щІэныгъэр егъэгъуэтыным екъэлІа уиэтІныгъэр. Урысей Федерацым и щІалэгъуалэм ящыщу процент 30-м нэсырц жыджэру гъашІэм, къэрал экономикэм хэтыр, Ауэ щыхьэкІэ, ильэс 16 - 29-рэ ныбжьым итхэр лэжьыгъэ Іэнатіэ пэрытыфыну къэралым щыпсэухэм я Іыхьэ щанэ мэхъу. Аха щыщ пщэдейрей лэжьакіуэхэм лъабжьэ яхуэхьунур. Нобэрей щІалэгъуалэр гъашІэм и лъэныкъуэ псоми жыджэру хэтыныр щыщ куэдкІэ эзльытар ди хэкум, жылагъуэм щыпсэухэм я Іыхьэ жыныгъэрат.

ИЛЬЭС щэ ныкъуэ и пэкІэ лэжьакіуэ Іэщіагъэхэм пщІэшхуэ щаІэт жылагъуэм. Лэжьакіуэбзэм я дежкІэ бжэ псори зэІухат. ГъашІэдэкІ лэжьакІэ хьэлэлым къыпэкІуэрт: гъэщІэм фІыгъуэу щалъытэ лъапІэныгъэ куэд. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, къэралым псэупІэ унэхэр, фэтэрхэр кьаэзыриттыр, зыгъэпсэхуэкІуэ эзэригъакІуэр, пенсэ хьарзынэхэр эзрахуигъэувыр, икІэм-икІэжьрати, жьышцхэ махуэ ухъуныр. Цыхуэ лэжьакІуэм и образыр щыпсэхьышхьэт щэнхабзэмэ гъуэзджэмэ. Псалъэм ятеухуауэ фильмхэр трахырт, уэрэдхэр яусырт. Апхуэдэ жылагъуэщІэрэ къэралгуІэныгъэ зыгъэуэту псэуа лэжьакіуэбз щІэблэрщ нобэми лъабжьэ быдэ зиІэ ди экономикэр зыухуар.

Совет зэманым зэрыщытаращи, лэжьакіуэбзэр къэралым и къару нэхъ лъэщ дыдэу яльытэрт. ИпэжьмпІэкІэ жыпІэнумэ, гуащІэдэкІ лэжьакіуэм унафэ зэи Іэщіэпакъым, арщхьэкІэ абы пщІэшхуэ щиІэт жылагъуэм. Абы къыдэкІуэу дэтхэнэ лэжьакіуэми Іэмал иІэт и эзфІэкІым, щІэныгъэм хигъэхьуэну. Апхуэдэ ерыщагъ зыхъпІэхэр зыщыдлажьэ заводхэм я инженер, унафэщІ щыхъщыІэт. Уеблэмэ къэралу унафэрри къащылъысри мащІэтэкъым, цыхубзм я дзыхь кьрагъэзу. Жылагъуэм щиІэ щытыкІэр езым эзрелыпгежаг кьызыгурыІуэ лэжьакіуэр хущІэкъурт екъулІэныгъэщІэхэм. Ар зыІэрызыгъэхэрхэр абы и хьерым щыгуфІыкІыжхэрт.

ПІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм къэралым щекІуэкІа зэхъуэжьныгъэхэм кьытхуихьа Іуэхугъуэхэм ящыщу лэжьакіуэм иІэу щыта къэралгулъытэм хэтщІыкІыу зэрыкІэрыхуар. ГуащІэрыпсэуэхэр, продукцэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьэзыгъэжьхэр лъэныкъуэ ирагъэзри, жылагъуэм я пщІэр лъысу жуежьаш абыхэм я хьерыр зэхуэзыгуэшыж гуп щхьэхуэм. Совет лъэхъэнэм и кІэухым утыкум кьихьа а олигархэхэр зэпечтащэ щыхьэщ нужькІэ.

Нобэрей къэрал унафэщІхэми цыхуу лэжьакіуэм хуэфащэн гульитэ хуащІыркъым, лъэпкъ экономикэр зыІыгъыр, ипэкІэ зыигъэжьІуэтэр арауэ щыт пэтми. ЛэжьапІэ Іэнатіэхэм иджырей инновацІэ технологиещІэхэр хэгъэхьэным емылІалІэу, нэхъ тыншу икІи псынщІэу ахьшэ кьыІэралэжьын Іэхуэхэр зэрахуэ. АрщхьэкІэ зэщыдгъэгъупщэхуунукъым цыхум игъащІэми кьыдекІуэжі псалъэ Іущхэр: «Ди гугъапІэ псори зэпхар зи щхьэ зыпІьэж цыхурщ». Ар лэжьакіуэрщ, ди экономикэм и лъабжьэр зи гуащІэдэкІ хьэлэлымкІэ зыигъэбдзэжьыгъэ. А Іуэху еплъыкІэр жылагъуэ гъэм нэсу хэзыщІыкІ лэжьакіуэр ди къэралым иІэр процентыр 5 кьудейщ зэрыхьыр - США-м апхуэдэхэр процент 43-рэ, Германием - 56-рэ щохьу. Ди лэжьакіуэбзэм яхэщІэзэпІэту зэрыкІуэр абы хэпльхьэжкъэ, кьэкІуэну ильэси 10 - 15-м лъэпкъ экономикэр щытыкІэ гугъуэм зэриувэнур нэрыпльагъуш. Абы дыхуэмыкІуэн папщІэ, сэ сыізэрелпльымкІэ, зэман благъэм зэрІэтхьн хуейщ Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэ зыбжанэ. Псоми я щхьэщ лэжьакіуэ Іэщіагъэм и пщІэр жылагъуэм кьыщыІэтыныр. Абы щхьэкІэ, япэрауэ, щалэгъуэгъэм жыджэру ядэлэжьэн хуейщ лэжьыгъэмкІэ биржэхэр, щыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжкІэ центрхэр. Экономикэр зыхуэныкъуэ Іущагъэхэм ятеухуа хьыбархэр газетхэм, еджапІэхэм эзэщІыну щыІэныгъэ технологиещІэхэр. КьинэмыщІауэ, зэпыщІауэ зэдэлэжьэн хуейщ еджапІэхэмэ рпроизводствэ Іуэхущапіэхэмрэ.

Лэжьакіуэ Іэщіагъэхэм я пщІэр кьэІэтыным хуэлэжьэ фанущ курыт школхэмрэ техникумхэмрэ яку дэлъ зэпыщІныгъэхэр. Ныбжьыщіэхэм яхуэхьэн, епсэлъыпІэн хуейщ абыхэм я егъэджакіуэхэр, мастерхэр. Апхуэдэу Іэщіагъэпі ныбжьыщіэм Іэнатіэ зэригъуэтынумкІэ шэсипІэ иІэн, социальнэу я къэралым кьызэрихъумэнурри и фІэщ щІын хуейщ. Мыбдеж сэбэпышхуэ хъунущ Іуэхум щхьэтечуэ щытепсэлъыхь «СТІол хьурейхэр», нэгъуэщІ зэхуэзэхэр. Абыхэм жыджэру хэтщ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ ПІалъэхэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэм, республикэм и еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, Іуэхугъапіэ зэхуэмыдэхэм я Лыкіуэхэр. Псори ядэуу зэдзэпІалажьэмэщ а унэтІыныгъэмкІэ щыІэ лъэпощхьэпохэм дащыпэлъэщыгфынур. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр Іэнатіэкіэ Іэщіагъэхэм я гъэпсыгъуэ. Ар зэрыщІэтхъыщыгуэ Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгуэм, нобэ Украинэм щыІэ щытыкІэм, апхуэдэу Кавказ зауэр зэрыухрэ ильэси 150-рэ щрикъу махуэм зэрызыхуагъэхьэзыр щыкІэм, нэгъуэщІхэми.



Хьэфыщі Мухьэмэд

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и лъэхъэн 10-м нэбгырэуэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым лэжьакіуэхэм папщІэ семинар ящІэщІэгъуэнхэр кьыщыІэрегъэпэщ. Абы къыргъэблагъэ суреттыщІхэр, комментаторхэр, тхакіуэхэр, артистхэр, дохутырхэр, щІэныгъэлІхэр, нэгъуэщІ Іэщіагъэлі зэхуэмыдэхэр.

АПХУЭДЭУ зи чэзу семинаркІэ кьрихьэлІащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІДАА-м и вице-президент Хьэфыщі Мухьэмэд. Ар институтым и лэжьакіуэхэм яхутепсэлъыхьащ дуней псом щыізэбгрыдза ди лъэпкъгъуэхэм я щыІэкІэ-псэукІэм.

- Сэ 1965 гъэ лъандэрэ сыщыІэуэзэщ дуней псом щикьуэда ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхум, - жиІащ Хьэфыщі. - А илъэсым щегъэжьауэ нобэр кьызідэсым сэ сыщыІащ дахэр щыпсэу къэралым ящыщ. Адыгэхэр щопсэу КьуэкІыпІэ Гъунэгъум, Америкэм, Европэм я къэралу куэдым, Тыркум, Китайм, Японием. Языныкъуэ къэхутакіуэхэм зэрыжаІэмкІэ, ди лъэпкъгъуэхэр щопсэу къэрал 56-м. Ауэ ар пэжкъым, адыгэхэр щыпсэуэу дэ къэтлъытэр ахэр зэкъуэзыгъэувэу кьызэрагъэпэща жылагъуэ зэгухэныгъэхэр щылажьэ къэралхэрщ. Дуней псом адыгэу тетым я бжьыгъэр мелуани 9-м ноблагъэ. Ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъыбэу щыпсэур Тырку Республикэрщ. КьащІтэмэ, Истамбыл адыгэу мелуаным нэблагъэ дэсщ. Тыркум щыІэщ Кавказ Хасэхэм я федерацэ (КАФФЕД). Абы кьызэщІеубыдэ а къэралым и щІынатІэ (вилайет) псоми щылажьэ жылагъуэ зэгухэныгъэ 58-рэ, КАФФЕД-р ильэс 22-рэ хьуауэ жыджэру Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтщ. НэгъуэщІ къэралхэм щылажьэ апхуэдэ жылагъуэ зэгухэныгъэ иджыри 15 ДАХ-м хэтщ.

АдэжкІэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ Иорданием, Сирием, Израильм, адыгэхэр щыпсэу нэгъуэщІ къэралхэми щыІэ Адыгэ Хасэхэм я лэжьыгъэм. КІэщІу кьыІуевыІащ мы мазэм и кІэм ДАХ-м и хасащхьэм и зэхьыхэ Палшык зэрыщыІэнум. Абы щыгтепсэлъыхьнущ Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгуэм, нобэ Украинэм щыІэ щытыкІэм, апхуэдэу Кавказ зауэр зэрыухрэ ильэси 150-рэ щрикъу махуэм зэрызыхуагъэхьэзыр щыкІэм, нэгъуэщІхэми.

● Лъэпкъ Іуэху

Хэхэс адыгэхэр: дыгъуасэ, нобэ, пщэдей

- Хамэ щыналъэр псэупІэ зыхуэхъуа ди хэкуэгъуэм зыхэс лъэпкъхэм я деж я пщІэр сытым дежи щылъагэу йокІуэкІ, - жиІащ Хьэфыщі Зм. - Къапщтэмэ, Мысырым щыпсэуа адыгэ мамлюкхэр илъэсиі 135-кІэ тепщэу щытащ икІи а къэралым зиужьыным, ефІэкІуэным я гуащІэшхуэ хагъэхьащ. Мухьэмэд къыгетеуІащ хэхэс адыгэхэм Олимп чемпионхэр, дунейпсо, лъэпкъ литературэхэм я классикхэр, политик, маршал, генерал, адмиралщІэрыІуэхэр, артист, сурэтыщІ Іэзэхэр, Нобель саугъэтым и лауреат кьаэзрыхэкІам.

- Хэхэс адыгэхэм я Іуэхум теухуауэ нэхъ дыдэ щыгъуазэр сыт жыпІэмэ, бзэр зэрапэщІэхурщ, ар зыІуры ыпхъэр кІуэ пэтми нэхъ машІэ зэрыхьурщ, - пищащ дджкІэ Хьэфыщі Мухьэмэд. - Абы и лъэныкъуэкІэ я Іуэхур хьарзынэщ Израильм щыІэ адыгэ кьуажитІым - Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ. А кьуажэхэм щыІэ еджапІэхэм класс псоми адыгэбзэр щадж. Норданием щыІэ пащтыхьыкІуэ Хьэмэз и щІэр зезыхьэ еджапІэмк сабийхэм адыгэбзэр щрагъэдж, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм я анэдэлъхубзэкІэ куэд кьыбжалэфынукъым. Тыркум ильэсищ и пэкІэ унафэ кьыщащтауэ щытащ адыгэбзэр еджапІэхэм щрагъэджьну хуит ящІу. Иджыпсту а къэралым адыгэбзэр щадж еджапІищым. Телевиденэм махуэ кьэс сыхьэтитІкІэ адыгэ нэтынхэр кьет. Абы и лъэныкъуэкІэ, я Іуэхуэр зэтеувэхуэкІэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм защІигъэкъуащ, тхылъхэр, учебникхэр, журналхэр, газетхэр, ди теливиденэм щагъэхьэзыра нэтынхэр хуагъэхьащ.

Сиренм щыпсэу адыгэхэр а къэралым щекІуэкІ зауэм и зэранкІэ щытыкІэ гугъуэм кьызэрихутами тепсэлъыхьащ Хьэфыщі. Абы и гугъу ищІащ ахэр я псэупІэкІи, я шхынкІи, щатІэгъэнкІи гугъу зэрехьым, нэгъабэ ДАХ-м иригъэкІуэкІа псапащІэ Іуэхум кьыхэкІа сом мелуани 2,5-р абыхэм Іэгарэхэхэну иджыри кьэс Іэмал зэрамыІэм, Хэхум къэзыгъэзэжа цыхуу 678-м ноблэкІэ яІэ псэукІэр зыхуэдэм.

- Іуапэращи, - кьыхигъащІащ Хьэфыщі Мухьэмэд, - адыгэхэр щыпсэу къэралхэм кьыщалъытэ, ахэр зыпэрыті Іуэхуэхэм ехъулІэныгъэ щаІэщ, я Іэнатіэр жэуапльныгъэ пылъу зэщырахьэкІым кьыхэкІыу кьулыкъущхьэхэр дзыхь кьыхуащІ.

ЗэІущІэм и кІэм Мухьэмэд кьызэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап яритащ. Апхуэдэу ахэр зыгъэгъэвэ Іуэхугъуэхэм яущыщт республикэм щыпсэухэмри я анэдэлъхубзэр яІэщІэхункІэ шынагъуэ зэрыщыІэр.

- Псори кьыщцежьэр адэ-анэхэм я дежщ, - жиІащ Мухьэмэд. - Унагъуэм бзэр щызекмыкІуэмэ, абы кьихьуэ щІэблэмэ ар яІурыпльнукъым. Нобэ адэ-анэ кьудым я бынхэм адыгэбзэр ирагъэджьыну хуейкъым. Нужьрей зэманым дэ нужь дитщ анэдэлъхубзэр еджапІэхэм тэмэму щрагъэджьыным теухуа Іуэхур республикэ унафэщІхэм я деж щыпхыдгъэкІыну. Японием щыщ щІэныгъэлІ гуэрым жиІащ: «Сабийм и ныбжьыр илъэс 12 иригъэхуэкІ и анэдэлъхубзэмкІэ псалъэмэ, абы ар зэи щыгъупщэнукъым». Адыгэ кьуажэхэр, жылагъуэхэр щыІэху, ди анэдэлъхубзэр кІуэдынукъым.

Адыгэ бзыльхъурым сыт хуэдэ зэманми хэльын хуэй хьэл-щэн нэхъыщхьэм щыщІэупщІэм, ХьэфыщІэм абы и жэуапыр кІэщІу яритащ: «Адыгэ бзыльхъурыр сытым дежи зыгъэдэхэр и нэмысыфІагьымрэ и псэупсэ кьулеягъэмрэщ».

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Гъатхэм фІыгъуэр и фащэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр экономикэ, политикэ, щэнхабзэ, уэзыншагъэ, мэкъумэщ я лъэныкъуэкІэ езыгъэфІакІуэ щІыху пажэхэр, адрей илъэсхэм хуэдэу, мы гъатхэм ягъэхьэпІащ. Дунейпсо Арткомитетым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэмрэ КъБР-м Печатымрэ щІыхубз коммуникацэмкІэ и къэралыкъэ и Іуэхум лъабжьэ хуэхъуар лъэпкъым я зэпыщІныгъэр нэхъ быдэ щІыныр, пщІэ-нэмысыр яку дэлъынырщ.

- ЗЫМ и дежкІи цэхуэкъым къэрал зэкъэтэныр зэрызэуэщІ зэпытыр. Кавказыр зы унагъуэу дыпсэун хуейщ, дифІри зэдэтІэту, ди гугъуэхьри зэдэдгъэпсынщІэу. ЩІыналъэм, щІыхум пэжкІэ хуэлажьэ дэтхэнэми сохьэхъу я кІарум хэхъэну, узынщагъэ иІэну, щІыблэм ахэр щапхъэ яхуэхъуну, - жиІащ Дунейпсо Арткомитетым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и вице-президент **Бейтыгъуэн Іуэсс**. Абы жиІахэр диІыгъыу къэпсэлъащ КъБР-м Печатымрэ щІыхубз коммуникацэмкІэ и къэралыкъэ и унафэщІым и къудамэ Герговым Жамбулэт. Апхуэдэуи ар щІыхубзэм ехъэхъуащ а дунейпсо махуэмкІэ.

Мы илъэсым щІыхь тхылькІэ, саугъэлІэ зэгъэльэлъахэщ: **Къуэдз Іэбубэчыр** (КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Урысейм ис лъэпкъхэм я артиадэм и лауреат, «Дышэ микрофон» саугъэт лъапІэр зыхьагъэфэщащ), **Тхьэмокъуэ Мартин** (КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Кавказ пшэпІльхэр» сабий къэфакІуэ гупым и художественэ унафэщІ), **Романихин Иринэ** (КъБКъУ-м къафэмкІэ и «Калинсто» гупым и художественэ унафэщІ), **Ожаев Ахъмэт** (КъБР-м, КъШР-м я щІыхубз усакІуэ, Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлІа фэепльхэр зыхъумэ Урысейпсо зэгухэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ), **Чэрим Виктор** (пСэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ, Налшык къалэ), **Мамбэт Хьэту** («ХАТУ и К°» ООО-м и унафэщІ, Шэджэм къалэ), **Опрышкэ Олег** (Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и щІэныгъэрыплажьэ нэхъыжь, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ), **Уэзрокъуэ Хьэбалэ** (Нарткъалэ гъущІ-бетон заводым и унафэщІ), **ХьэхъупащІэ Заур** (Сабий творчествэмкІэ Нарткъалэ унэм и пъэсакІуэ), **Аброкъуэ Рансэ** (Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапІэ №1-м и унафэщІ), **Уэрыкъуэ Іэсият** (Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапІэ №1-м и егъэджакІуэ), **Безрокъуэ Елена** (Сабий творчествэмкІэ центрым и унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ), **Бырсекъуэ Зое** (КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, « 2010 Илъэсым и бзылъхугъэ пажэ» республикэ зэхьэзэхуэм и пашэ), **Доп Светланэ** (Хьэтуэй курыт еджапІэм и унафэщІ), **Зеущэ Алёнэ** (Бахъсэн къалэм и щІалэгъуалэ советым и унафэщІ).

«Ди гуапэщ мыпхуэдэ пщІэ кьызэрыттыьыкъэ, си гугъэмкІэ, иджы нэхъри дыгъушхуауэ дыпсэжьэнущ», - жиІащ Мамбэт Хьэту. Созаев Ахъмэт кьыщыпсальэм кьыхигъащІащ гуфІэныгъэ пъэпкъэм зэдагъэущу, гьунэгъуфІым хуэдэу зыІу адрэм кІэпльыкІуэ ди щІыхуэхэр зэдэпсэуну зэрыфІэфІыр. «Узыншагъэр хъумэным, экономикэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, адрей Іэнатіэхэми зи ІыкІуэ езыхьэлІэу пэрыт щІыхуэхэм я гуащІэр пшынауэ гупым къэбэрдей пшынальэхэр щиГъэзащІэм, КъБР-м гъэзэжьэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, пшынауэ Іэзэ Бырмамыт Гуащэкъарэ псалъэ жимыІэн пъэпкъым. Ар пшынауэ ныбжьыщІэхэм ехъэхъэщ я зэфІэкІым хагъэхъуэну, гъуэзджэр Іэщіыб ямыщІыну. Къуэдз Іэбубэчыр Гуащэкъарэ фІыщІэ хуищІащ игъасэ щІыкІуэхэр псалъэ гуапэкІэ зэригъэгушхуам папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Лэскэн щІынатъэ

ныбжьыщІэхэр гъэсэным йогугъу

«Уи унагъуэм мамырыгъэ илъыну» жылагъуэ зэгухэныгъэм и жэрдэмкІэ иджыблагъэ Анэорей къуажэм щекІуэкІащ «ЩІалэгъуалэ экстремизмэм и щхьэусыгъуэмрэ абы иІэ хэкІыпІэхэмрэ» фІэщыгъэм щІэт конференц.

ВЛАСТЫМ и гъэзэщІакІуэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ Лэскэн куейм ит курыт еджапІэхэм я ныбжьыкІэмрэ я Іуэху еплъыкІэр убзыхуным, гъэсэныгъэм хуэгъэпса дерс зэІуха ирагъэкІуэкІащ.

«Уи унагъуэм мамырыгъэ илъыну» зэгухэныгъэм и тхьэмадэ **Шыбзыхъуэ Сафудин** жиІащ щІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ гъэжьыгъэм гъуни зимыІэ сэбэпынагъ пылъу кьызэриІыгъэр.

- Дэ щІалэгъуалэм депсалъэ кьудейм кьищынэмыщІауэ, езыхэми я Іуэху еплъыкІэр кьагъэлъэгъуэну Іэмал ядот, бгъэдыхьэкІэ кьахуэдгъуэтэр, зым жиІэр адрейм зэхихьу дызопсалъэ. Гурыіуэгъуэу, зэІуахуэу гъащІэм и дерсхэмкІэ дадогуашэ.

ЗэІущІэм и гугъу щащІащ ныбжьыщІэхэм заужьын папщІэ лэжьыпхъэхэм, кьуажэхэм дэт социальнэ хуэунэгъэхэр нэхъыбэ щІыпхъэу кьызэралытэри кьыхагъэщащ. Радикализмэм и лъабжьэр гъэгъунэр, ар щымыІэн папщІэ кьалэн куэд щагъэзащІэ Іуэхущ Іапіэхэр кьызэІухьныр яфІэкъабылу кьыхагъэщащ кьызэрэсахэм. Апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм ныбжьыщІэм и зэманыр и щхьэкІи щыгъэгъэ ныбжьыщІэм щынэхъыщхьэхэм ящыщу кьэдмыльытэмэ, лэжьакІуэбзэм я пщІэр кьэІэтыжьыным епхауэ жыпІэ псори зэІухат. ГъашІэдэкІ лэжьакІуэбзэм я деж кІэ бжэ псори зэІухат. ГъашІэдэкІ лэжьакІэ хьэлэлым кьудейуэ зэрыхурагъаджэ техникэхэр, станокхэр, оборудованэхэр жы зэрыхъурэ куэд щІащ. Лэжьакіуэбэ егупчуу щагъэхьэзыр еджапІэ зыбжанэм я щІэ кьысІуэну сыхуеят. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Хьэмдэхъум и щІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщпромышленнэ колледжкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледжкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжкІэ, «Ухуахуэ» Кьэбэрдей-Балъкъэр колледжкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжкІэ. Абыхэм щрагъаджэ студентхэр хуэІэзэщ иджырей техникэхэм, технологие пэрытхэм. НэгъуэщІ хьунукъым: махуэ кьэс зызыужь, ефІакІуэ щІэныгъэ-техникэ унэтІыныгъэм хууэфэщІ щэн папщІэ, абы кьигъэувэ мардэщІэхэм уизагъэу, Іэмалыщ Іэхэр кьэбгъэІурыщІэфу ущытын хуейщ.

Экономикэр зыхуэмыныкъуэ Іэщіагъэм хуегъэджьынкІэ кьэгъэнэн хуейщ. Дэнэкъэ пльэн - юристрэ экономистрэщ. Уеблэмэ курыт щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ кьэзыт еджапІэхэр зэхуамыщІыжьын, абыхэм щІалэгъуалэр кІэщІ папщІэ, я Іэщіагъэхэр я программхэм хагъэхьащ.

ЛэжьакІуэбзэр гъэхьэзэныным епхауэ нэгъуэщІ лъэпощхьэпохэри мащІэжьым. УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыжиІаУэ, къэралым и мыпкъуцІуэ токІуэдэ экономикэр зыхуэмыныкъуэ Іэщіагъэхэм хуегъэджэным. Абы унафэ хэха иІапхъэщ. Цыхуэ зэрыжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныжкІэ федеральнэ кьулыкъущапІэм кьызэритымкІэ, ди экономикэр иджкьпІсту хуабжьу хуэныкъуэщ гущІэдэкІ Іэщіагъэхэм ирилъэкъуэу, электроникэм заводкъуэр, фэ Іэрыщі кьыщыщІагъэкІ комбинатыр. Ахэр зэхуащІыжащ, щылэжьа инженер-техникэ ІэщіагъэлІхэри а Іуэхум фІыуэ хэзэгъа лэжьакІуэхэри Іэнатіэншэхэм яхьыкьащ е республикэм икІауэ щІакхьуэ Іыхьэ нэгъуэщІ щІыпІэхэм кьыщащэжь. Предприятіэшхуэхэм ящыщу кьэна зытІущи хуабжьу гугъу ёохь, псом япэрауэ, иджырей техникэмрэ технологие пэрытхэмрэ хуэІэзэжь лэжьакІуэхэм зэрахуэныкъуэм кьыхэдыу,.

Курыт щІэныгъэ, Іэщіагъэ кьозыт еджапІэхэмрэ апхуэдэ лэжьакІуэхэр зыхуагъэхьэзыр Іуэхущ Іапіэхэмрэ зэпыщІауэ щытыпхъэщ. Абыхэм щегъэкІуэкІ ныбжьыщІэхэм я практикэ лэжьыгъэхэр. Заводхэм, фабрикэхэм ильэс кьэдекІуэкІ псалъэ Іущхэр: ІэщіагъэлІхэр зэгъэльэлъэгъэр иращІылІэн хуейщ. Ильэс зытІущ дэкІмэ, Іэщіагъэлі кьулыкъущІ ныбжьыщІэм ищІэн хуейщ гъэм нэсу хэзыщІыкІ лэжьакіуэр ди къэралым иІэр процентыр 5 кьудейщ зэрыхьыр - США-м апхуэдэхэр процент 43-рэ, Германием - 56-рэ щохьу. Ди лэжьакіуэбзэм яхэщІэзэпІэту зэрыкІуэр абы хэпльхьэжкъэ, кьэкІуэну ильэси 10 - 15-м лъэпкъ экономикэр щытыкІэ гугъуэм зэриувэнур нэрыпльагъуш. Абы дыхуэмыкІуэн папщІэ, сэ сыізэрелпльымкІэ, зэман благъэм зэрІэтхьн хуейщ Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэ зыбжанэ. Псоми я щхьэщ лэжьакіуэ Іэщіагъэм и щІэр зезыхьэ Кьэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщпромышленнэ колледжкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледжкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гъуэгу колледжкІэ, «Ухуахуэ» Кьэбэрдей-Балъкъэр колледжкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжкІэ. Абыхэм щрагъаджэ студентхэр хуэІэзэщ иджырей техникэхэм, технологие пэрытхэм. НэгъуэщІ хьунукъым: махуэ кьэс зызыужь, ефІакІуэ щІэныгъэ-техникэ унэтІыныгъэм хууэфэщІ щэн папщІэ, абы кьигъэувэ мардэщІэхэм уизагъэу, Іэмалыщ Іэхэр кьэбгъэІурыщІэфу ущытын хуейщ.

Экономикэр зыхуэмыныкъуэ Іэщіагъэм хуегъэджьынкІэ кьэгъэнэн хуейщ. Дэнэкъэ пльэн - юристрэ экономистрэщ. Уеблэмэ курыт щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ кьэзыт еджапІэхэр зэхуамыщІыжьын, абыхэм щІалэгъуалэр кьэбгъэІурыщІэфу ущытын хуейщ.

ЛэжьакІуэбзэм я пщІэр кьэІэтыным хуэлэжьэ фанущ курыт школхэмрэ техникумхэмрэ яку дэлъ зэпыщІныгъэхэр. НыбжьыщІэхэм яхуэхьэн, епсэлъыпІэн хуейщ абыхэм я егъэджакіуэхэр, мастерхэр. Апхуэдэу Іэщіагъэлі ныбжьыщІэм Іэнатіэ зэригъуэтынумкІэ шэсипІэ иІэн, социальнэу я къэралым кьызэрихъумэнурри и фІэщ щІын хуейщ. Мыбдеж сэбэпышхуэ хъунущ Іуэхум щхьэтечуэ щытепсэлъыхь «СТІол хьурейхэр», нэгъуэщІ зэхуэзэхэр. КьызэрагъэпэщыжкІэ Іуэхугъуэ зэгухэныгъэхэр щылажьэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэр щылажьэ къэралхэрщ. Дуней псом адыгэу тетым я бжьыгъэр мелуани 9-м ноблагъэ. Ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъыбэу щыпсэур Тырку Республикэрщ. КьащІтэмэ, Истамбыл адыгэу мелуаным нэблагъэ дэсщ. Тыркум щыІэщ Кавказ Хасэхэм я федерацэ (КАФФЕД). Абы кьызэщІеубыдэ а къэралым и щІынатІэ (вилайет) псоми щылажьэ жылагъуэ зэгухэныгъэ 58-рэ, КАФФЕД-р ильэс 22-рэ хьуауэ жыджэру Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтщ. НэгъуэщІ къэралхэм щылажьэ апхуэдэ жылагъуэ зэгухэныгъэ иджыри 15 ДАХ-м хэтщ.

АдэжкІэ Мухьэмэд тепсэлъыхьащ Иорданием, Сирием, Израильм, адыгэхэр щыпсэу нэгъуэщІ къэралхэми щыІэ Адыгэ Хасэхэм я лэжьыгъэм. КІэщІу кьыІуевыІащ мы мазэм и кІэм ДАХ-м и хасащхьэм и зэхьыхэ Палшык зэрыщыІэнум. Абы щыгтепсэлъыхьнущ Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгуэм, нобэ Украинэм щыІэ щытыкІэм, апхуэдэу Кавказ зауэр зэрыухрэ ильэси 150-рэ щрикъу махуэм зэрызыхуагъэхьэзыр щыкІэм, нэгъуэщІхэми.

Зи бзэр зыфIэдахэр лъэпкъ узынцэц

Налкъут зэщIэлыдэ

Адыгэхэм дбгъэдэль зыужьынырэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я льапсэщ ди анэдэлъхубзэр. Араш ар къхъуагъэ псоми я кьежьапIэу къыщIальытэр. Дэтхэнэ лъэпкъыми езым и тхыбзэ иIэжныр, абыкIэ псэуныр, Iуэху иризрихьэу дунейм тетыныр, щэч хэмылъу, фIыгъэшхэущ.

ЦIЫХУР кьызэригъэщIрэ жьэрыIуатэбзэ щыIэми, абы Iурылъ и анэдэлъхубзэр тхыгъэкIэ кынгъэльэгъуэн щыщIидза лъэхьэнэхэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я джекIэ зэмыщхьц. Апхуэдэ Iэмал адыгэхэм диIэ зэрыхъуэр илъэси 160-м щIигъаущ. Тхыдэ дэфтэрхэм кьызэрыхэщыжьымкIэ, 1853 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14-м дунейм кьытехьауэ щыташ лъэпкъ щIэныгъэлI бырсей Умар и кьалэмыпэм кьыпыкIа, адыгэбзэкIэ тха яп тхылъыр - «Адыгэбзэ псалъалъэр». Абы льандэрэ адыгэ лъэпкъым тхыбзэ диIэ хьуауэ кьалытэ щIэныгъэлIхэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIаехэм ди адыгэ тхыбзэм зэхъуэжьныгъэ куэд игъэташ. Жэпэгъуэ революцэшхуэм и ужькIэ бзэм и макъхэр кьагъэльагъэуэ хуежьащ урыс хьэрфхэмкIэ, кьыкIэлыкIуэу латин графикэми тетащ. 1936 гъэм адыгэбзэр урыс хьэрфыльэм и дамыгъэхэмкIэ кьэгъэльагъэуэн щIадзэжауэ щыташ, ноби абы тетщ.

Лъэпкъым и блэкIари и нобэри кьэзыгъэльагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр кьэкIуэну щIеблэхэм яхуэзыхьумэу щыIэр тхыбзэррщи, абы быт щыгъуи гулыитэ хуэщIыпхьэш. Ар кьилытэри, адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгуэхэнагъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - 2003 гъэм абы теуХуа упафэ щхьэхуэ кьищтащ икIи абы льандэрэ илъэс къэс гъатхэпэм и 14-м Адыгэ тхыбзэм и махуэр ягъэлъапIэ. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъэм я анэдэлъхубзэхэр хьумэным, абыхэм адэкIи зегъэужьыным хуэунэтIа Iуэхугъуэ кушIафIэхэм щытопсэльыхь, унафэхэр кьыщащтэ КъБР-м и Парламентым.

Зи анэдэлъхубзэр нэсу кьэзымыгъэсбзэ лъэпкъым и кIарур хуэмурэ щIокIуэскIри, ар нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыж. Абы кьыхэкIыу адыгэбзэр хьумэным елэжьыпхъэр бзэ щIэныгъэлIхэм, кьэхутакIуэхэм, егъэджакIуэхэм я закъуэкъым. Лъэпкъыр псэунымкIэ, мыкIуэдыжьымкIэ щэсыпIэ хьу Iуэхугъуэ нэхьыщхьэу бзэ иIэныр арауэ щыщыткIэ, адыгэбзэр хьумэным, абы адэкIи зегъэужьыным епха хъуэпсапIэхэр ди гум илыын, аэр гъащIэм хэпщэным дыхущIэкъуэн хуейщ дэтхэнэри. Зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым анэдэлъхубзэр - напкъут зэщIэлыдэу ди псэр зыгъэнэхур - ди лъэпкъ гъащIэу, ди дунейуэ зэрыщытыр.

ЖЫЛАСЭ МариТ.

● Япэ итхэр

Бекъан Масирэт


Мэшыкьуэ (Бекъул) Iэсият

Нэхущ Залинэ

**Мы гъэм илъэс 15 мэхъури, ди щIыналъэм щокIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикэпсо фестивальэзэпеуэр. Ар 1999 гъэм кьыхилъхьауэ щытащ «Адыгэ псалъэ» газэетым. Лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэгъэпсэ а проектыр жыджэру кьыдалIыгъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэсмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбардей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI къэрал Iуэхущ1ап1эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ кьэкIуэну щIэбэрэхэм яхуэхъумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщаджэкIр егъэфIэкIыгъэныр, апхуэдэуи я Iуэхуэхэм хуэлажьэ егъэджакIуэ нэхъыфIэр гъапэжэныр, еджакIуэ зэчиифIэхэр гъэгушхуэныр зэпеуэм и кьелэн нэхъыщхьэхэм ящыщу.

ЕгъэджакIуэ телъыджэхэр

ХАБЗЭ ХЪУАЩI, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм кьрикIуэхэр илъэс къэс кьапщытэж Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу. Абы кьыхэжаныкIа егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ ягъэлъапIэ Хасэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэсмкIэ и министерствэм «Адыгэ псалъэ» газэетым кьабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ. Пашэ хъуаехм я Iуэху зехьэкIэ пэрытыр жылагъуэм щызэпльащIыс, егъэджакIуэ Iэзэхэр IэнатIэм пэрыхьагъащIэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм ядогуашэ я лэжьакIэ мардэхэмкIэ, дерс кьызэгъэпэщыкIэхэмкIэ.

Абдежми кьыщыпэрыхьэхур. ЩIыналъэ зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуэхэм я зэфIэкI илъэс кьэс кьыщагъэльагъэу Анэдэлъхубзэр №11-м щылажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бекъан Масирэт** 2007 гъэм пашэ щыхьащ къэралпсо зэпеуэм и «ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэ» нэхтIыныгъэм. 2008 гъэм екIуэкIа апхуэдэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Сэрмакъ курыт ещанэ №22-м адыгэбзэр щеэсыгъэдж **Мэшыкьуэ (Бекъул) Iэсият**. Ди гъапэ зэрыхьэгъэщIа, зэхьэзэхуэм и «ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэ» нэхтIыныгъэм. IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм ядогуашэ я лэжьакIэ мардэхэмкIэ, дерс кьызэгъэпэщыкIэхэмкIэ.

2009 гъэм Москва щекIуэкIа апхуэдэ урысейпсо зэпеуэм хэтауэ щытащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекIуа. Кьуулъкъуэкьи Ипщэ курыт школым щылажьэ, филологиемкIэ щIэныгъэхэм я кандидат **Нэхущ Залинэ.** Хэтам и мызакъуэу, ар пашэ щыхьащ «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» нэхтIыныгъэм, апхуэдэуи УФ-м и щIыналъэ 19-м я егъэджакIуэхэр зыхэта «Си лъахэ, си школ, си IэнатIэ» президентаэм адрейхэм щатекIуащ.

КьыкIэлъыкIуэ илъэсым, 2010 гъэм, зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ящIащ егъэджакIуэ Iэзэ **Хур Мадинэ**. Абы и зыкъгъэльэгъуэныгъэм кьытхуихьащ Дыжьын кьэзэйр, Хурым и текIуэныгъэ иным игъэгушхуауэ, Iэпкъыбзэхэр егъэгъэджэхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм кьыбгъэдэкIыу 2011 гъэм хэтащ Прохладнэ куейм хьыхь Альтуд къуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Къумыкъуэ Светланэ.** И Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ, лэжьыгъэм хуиIэ жыджэрагъымрэ зыхищIэ жуаплныгъэмкIэ ди щIыпIэм щIэрыIуэ щыхъуэ Светланэ и зэфIэкI лъагэр щигъэльэгъуащ къэралпсо зэпеуэм. Абы ита мастер-классыр нэхъыфIхэм халъытащ икIи абыкIэ егъэджакIуэм ещанэ увыпIэр кьихьащ. Светланэ и дерсым Iэзэу хуэхуэна хъуат ди лъэпкъ хабзэрэ, щIэныгъэм и телъэ дахэрэ, адыгэ фащэм и зэхэлъкIэхэрэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэрэ. Апхуэдэу Къумыкъуэ щытекIуащ «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» унэтIныныгъэмэ. Бгъэдэлъ IэкIуэлъакIуэмрэ кьихьа текIуэныгъэхэмрэ щыхьэт техъуэу, абы кьыхуагъэфэщащ зэхьэзэхуэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я еханэ Урысейпсо мастер-классыр 2012 гъэм щекIуэкIар Мордовие Республикэм и Къалащхъэ Саранскщ. Махуэщ1э зэхэта е къэралпсо зэпеуэм ди республикэм кьыбгъэдэкIыу щыащ Налшык дэт гимназие №29-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Ефэнды Маринэ.** Илъэс 30-м щIигъуауэ а IэнатIэм пэрыт Маринэ ЦIыхубзэ егъэджэныгъэм и отличникщ, и Iэщ1агъэм фIыуэ хещIыкI. Ефэндыр жыджэру хэтщ кьалэ, республикэ, щIыналъэ зэпеуэхэм, увыпIэфIхэри кьыщехь. «ЕгъэджэныгъээЗ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкI къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри, Маринэ къыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэ льапIэмрэ сом мини 100 пэсыр ахъшэ саугъэтымрэ. 2011 гъэм екIуэкIа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальм Ефэндым яп увыпIэр кьыщихьауэ щытащ. Иджырей къэралпсо зэпеуэм Маринэ «ЕгъэджакIуэхэм я егъэджакIуэ» унэтIныгъэм пашэ щыхьащ.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъэуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм ди лъахэгъу егъэджакIуэхэр хуэзыгъэхьэзырар КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и эксперт нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ, Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIым и къуэдзэ, хэкупсэ нэс **Балэ Людмилэщ**. Лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIу къэгъэуагъэкIуэ адыгэ бзыльхугъэ гуащIэм ящIафIэм зэфIих лэжьыгъэхэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальзэпеуэм зиужь зэпытщ. Иужьрей илъэсхэми абы и утыкуэхэм кьихьащ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэр, абыхэм я гъэсэн зэчиифIэхэр. Адыгэбзэм зезыгъэужь, ар кьэкIуэну щIэблэм яхуэзыхьэмэ лъапкъэпсо проектым кьэкIуэну дахэ зэриIэм шэч хэлъкьым.

КЪАРДЭН Маритэ.


Хур Мадинэ


Къумыкъуэ Светланэ

Ефэнды Маринэ

● Дэ кьытхуатх

Ди пщIэри ди нэмысри зэлъытар

Дэтхэнэ цIыхуми кьызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ зэрилъагъур, и тхыдэм, и хабзэм пщIэ зэрыхущIщIыкIэр кьрипщIэнущ ар и анэдэлъхубзэм зэрыхуцытымкIэ. Ди бзэр пIурылъынкIэ, ар гъащIэм кьыщыбгъэсэбэпыныр епхакъым уи Iэщ1агъэми, щIэныгъэми, зепхьэ кьулыкъу лъагэми - уи щхьэм пщIэ хуэпщIмэ, кьыбдалъхуа бзэр Iумпэм пщIынкъым.

ДИ АНЭДЭЛЪХУБЗЭР куэдым зэрадIурымыльэр си гукъеуэу сынотхэ фIыуэ слъагъу, адыгэбзэкIэ кьыдэкI газет закъуэм. Гъащ1эр щепхьэкIкIэ, Iуэхуи зэфIыбох, цIыхуи ухуоэз. Хуабжьу си жагъуэ мэхъу кьалэм дэс унагъуэ куэдым армырами имылъыж адыгэбзэр унэм укъызэрыщIэбзэкъуэкIыу зэрыкIуэдыжьпэр. Адыгэ щIалэхэр, хъыджэбзэр езыр-езыру фIэкIа зэхэмытыжми, хамэбзэкIэ мэпсалъэ, ар нэхъ кьащтэу. Сыт апхуэдизу ущыкIын щIыхуейр, уи бзэмкIэ упсальэнар думыплъхьэу?!

Ди жагъуэ зэрыхъущи, анэдэлъхубзэм и гъусэу мэкIуэд ди лъэпкъ хабзэри нэмысри. Дэ зэрыстэ бгырыс лъэпкъхэм фIэкIа нэгъуэщI зыгуэрхэми игъащIэми яхэмылъа икIи зэрамыхьа куэд хэлъщ ди адыгэ хабзэм. Гу лъыстащи, бзэр Iумпэм зыщIыкIым хабзэри нэмысри нэхъ Iэщ1охуу. Абы и щапхъэ куэд щыпсохьэлI эдни, псом хуэмыдэу кьалэхэм. Нэхъыжьхэм хуащI пщIэм, цIыхухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ яку илъ нэмысым хэщIурэ макIуэ.

Псори кьыщежьэр унагъэрэщ, фIыри Iейри. Сабийм цIыкIу щIыкIэ анэдэлъхубзэм и Iэнатгъур зыхимыщIамэ, ар иужькIэ абы пхудегъэхъэхьыжьнкъым. Лъэпкъ гъэсэныгъэм и Iуэхури аращ. Нэхъыжьхьм и гъэзэту зэпымуупщIынщи, унэм кьыщIыхьа дэтхэнэ цIыхуми хуэтэджыныр, абы пщIэ, нэмыс кIэлъыдехьэныр адыгэм игъащIэми кьыдэгъэгъуэрыкIуэ хьэл-щэнхэм ящыщщ. Апхуэдэ хабзэ кьызэрыгуэкIхэр мэкIуэд нэрылъагъуэ.

Нэхъыжьхэр фыкъыхуэзоджэ кьытпIэхъуэ щIэблэм адыгэбзэ дахэр ягъэшэрыуэу кьэвгъэтэджыну, абы пщIэ хуащIу, гъащIэм кьыщагъэсэбэпу балигъ гъуэгу захуэм тевгъэувэну. Ди адэжьхэм тхуахъума, ди анэхэм кьыддалъхуа бзэм нэхъыр нэхъ дахэ щыIэ? ЭрыжаIэу, аракъэ лъэпкъыр щыIэным къежьапIэ, щэсыпIэ хуэхъур.

Зи анэдэлъхубзэр зымыщIэр а бзэр зей лъэпкъым щыщу схужьIэнукъым. Адыгэр адыгбзэкIэ псалъэн хуейщ. Абы елытащ лъэпкъым кьытхуащI пщIэри нэмысри.

МЭКЪУАУЭ Iэмырбий.
Налшык къалэ.

Гъуэгу кьежьапIэ

«Адыгбзэр сыт щIэдджынур,
Зыдынэсыр Кьалэкьыырщ», -
Ар ауану Iэджэм жаIэр,
Мышыу псальэм тIэкIу хэчыхьу.
ЩызэхэскIа сэ а псальэр,
А гушыIэр сигу темыхуэ.
Станцым нэскIэ унигъэсмэ,
Ар бзэм джекIэ уфIэмащIэ?
Бзэр шу льаГъуэм хуэогъадэ,
Бгъуэзу щытми, станцым нос.
Уиэсакъэ - гъущ гъуэгушхуэм
Кьыщыпп3пльэу тетыр поездщ.
Уи гъуэгуанэр жьыжьу щытрэ
УкIуэфынум кьыумыгъаззэу -
Шым епсыхи, кIуэ мафIэгукIэ,
Тетщ а гъуэгум вагъуи мазэ.
Сэ шу льаГъуэр зэпызмычу.
Гъущ1 гъуэгушхуэм сытетхьакьым,
Адыгэбзэр зэзмыгащIэу,
Урысыбзэр сщIэн слъэкIакьым.
Iуащхьэмахуэ тельэ уэскьбзэу,
Сянэм и бзэр сэри сфIэфIт!
Си букварыр зэIусхауэ
Сыкьеджамэ, махуэр уэфIт.
Ноби школым кIуэм а тхылъыр
Я блэгуэшэм цIыкIуэхэм щIельщ,
Урысыбзэм и гъуэгушхуэм
Нытехьэну я гум хэльщ.
Адыгэбзэр, хэт фIэгуГъуми,
Ещхьщ си джекIэ псыБэрышэм.
Ар уэрэду зэхьэзохур,
Кьурши губгъуи кьыдзуищ.
Хэт ухуейми сыкьыдожэ,
Iэджэм яп э сищащ.
Адыгэбзэу си щы Iэсэм
Шы тесыкIэ сигъэщIащ.
Ар си гъуэгум и кьежьапIэщ,
Ар си дамэщ, ар си напщIэщ,
Ар сымыщIу щытыгъатэм,
КIэщ1 дыдэныт сэ си гъащIэр.
Сянэм и бзэр си кIэм хуэсхь,
Уэ кьыптехуэр схуохьу удын.

Гъуэгу техьуэну сэ щызухкIэ,
Уи Iэр сIыгъыу сыухынщ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим

Си анэдэлъхубзэ

Хьэфыщ1э Мухьэмэд хуэотх

Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымыIужрэ кьабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэ?
Си анэдэлъхубзэу дахэ,
Си анэдэлъхубзэу пагэ,
Зэгуэр ди адэжьхэр уэртн
Дуней псом зэрахэтыр!
Си анэдэлъхубзэу гуапэ,
Си анэдэлъхубзэу гуащIэ,
Уи быын пэжжэр щым гуп-гупу
Щызэбгридзакъэ гъащIэм.
МащIэр хьурэ гуащIэмащIэ?
МащIэр хэкIуэдэжрэ занщIэу?
Си анэдэлъхубзэу щIыпкъэ,
Уэ ущхьэщIыхьакьым нэпкым!
Си анэдэлъхубзэу нахуэ,
Си анэдэлъхубзэу хахуэ,
Зы шу закьуэу щытми, нартыр
Пэувыфти и дзэм чынтым!
Си анэдэлъхубзэу уардэ,
Си анэдэлъхубзэу быдэ,
КIуэщIыр пэжмэ уэ уи лIыгъэр,
Ар дэращ эи хуэмыхугъэр.
Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымыIужрэ кьабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэ?
И тхылъ тIэкIуэр пхуэхьуу мащэ,
Уехьакуэу дунейм кьищIэм, -
Си анэдэлъхубзэу хьыжьэ,
ТхакIуэр уи сын мывэжькъэ!
Ямыпсыкуэ кьэнэ куэпкырщ
Сосрыкъуэ ящар лIапIэу.
Си анэдэлъхубзэу льапIэ,
Уэ улIэжмэ -
ЛIэжащ лъэпкъыр.

БИЦУ Анатолэ

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм хэтщ Нарткъаэ и егъэджакIуэхэр.

● ЩIалэгъуэ

Iэмэпсымэ лъэщ

МАЗЭ ПСО ящIыгъэ убзыхуауэ екIуэкIащ анэдэлъхубзэм и махуэщхуэр школым щыгъэльэпIэныр. АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм, класс унафэщIхэм я пэщIэдзэ классхэм щрагъэкIуэкIа блын газет гъэщIэгъуэнхэр, купщIафIэхэр. Уэдзыльхэт абыхэм я гъэльэгъуэныгъэр. Газетхэм нбгъэзэнут адыгэ тхыбзэм и пIалъэ ехьгъэхэрэ, абы елэжь щIэныгъэлIхэм ятеухуа очеркхэри, ди анэдэлъхубзэм и IуфIагъыр, лъэщагъыр, бгегъыр кьызыхэщ усэхэри, псалъэжьхэри, жыIагъуэхэри. А гъэжьыгъэм кьыкIэлыкIуащ лъэпкъ таурыхьхэм, адыгэбзэм кьрагъэзэгъа нэгъуэщI псыгъэхэм кьэхъащIэхэм щIэс щIыкIуэхэр, адыгэ тхыдэм теуХуа фильмхэм еджакIуэ нэхъыжьхэр егъэпIыныр. Абыхэм щыгъуазэ зыхуащIа нэужь, ныбжьыщIэхэр гуп-гупурэ тепсэльыхьыжащ экранкIэ я нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэм.

Гъэщ1эгъуэнт егъэджакIуэхэу Уэтэр Iэсият, Кьумыкьу Iэсият, Танэ Мадинэ сыиЮ пэщIэдзэ классхэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр. Ди анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр, дахагъыр щыкIуэхэм псэкIэ зэрызыхащIэр кьыщагъэлъэгъуэфащ а дерсхэм. Апхуэдэуи ди хабзэ дахэхэм тепсэльыхьащ, ахэр езыхэм екIуу зэрызэрахьэфри нэрылъагъу ящIащ.

Абыхэм пашэ хуэдэт 7-нэ классхэм я гъэщIэгъуэ Гугу Жаннэрэ Гувэжькъуэ Жаннэрэ я нэIэ щIэт гупхэм кьыкIэлъыкIуэ махуэм кьызэрагъэпэща классщIыбэ лэжьыгъэхэм. Гувэжькъуэм и гъэсэнхэр зи образым ит нарт лIыхъужьхэм ядамыхьэхинкIэ Iэмал нIэтэкъым. Хуабжьу тельыджэт абыхэм яIурыть бзэ щэрыуэр, жанир, гъэзэнгъэ кьыщIихьащ Мэшыкьуэм.

2009 гъэм Москва щекIуэкIа апхуэдэ урысейпсо зэпеуэм хэтауэ щытащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекIуа. Кьуулъкъуэкьи Ипщэ курыт школым щылажьэ, филологиемкIэ щIэныгъэхэм я кандидат **Нэхущ Залинэ.** Хэтам и мызакъуэу, ар пашэ щыхьащ «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» унэтIныныгъэм, апхуэдэуи УФ-м и щIыналъэ 19-м я егъэджакIуэхэр зыхэта «Си лъахэ, си школ, си Iэнатгъ» президентаэм адрейхэм щатекIуащ.

КьыкIэлъыкIуэ илъэсым, 2010 гъэм, зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ящIащ егъэджакIуэ Iэзэ **Хур Мадинэ**. Абы и зыкъгъэльэгъуэныгъэм кьытхуихьащ Дыжьын кьэзэйр, Хурым и текIуэныгъэ иным игъэгушхуауэ, Iэпкъыбзэхэр егъэгъэджэхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм кьыбгъэдэкIыу 2011 гъэм хэтащ Прохладнэ куейм хьыхь Альтуд къуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Къумыкъуэ Светланэ.** И Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ, лэжьыгъэм хуиIэ жыджэрагъымрэ зыхищIэ жуаплныгъэмкIэ ди щIыпIэм щIэрыIуэ щыхъуэ Светланэ и зэфIэкI лъагэр щигъэльэгъуащ къэралпсо зэпеуэм. Абы ита мастер-классыр нэхъыфIхэм халъытащ икIи абыкIэ егъэджакIуэм ещанэ увыпIэр кьихьащ. Светланэ и дерсым Iэзэу хуэхуэна хъуат ди лъэпкъ хабзэри, щIэныгъэм и телъэ дахэри, адыгэ фащэм и зэхэлъкIэхэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэри. Апхуэдэу Къумыкъуэ щытекIуащ «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» унэтIныныгъэмэ. Бгъэдэлъ IэкIуэлъакIуэмрэ кьихьа текIуэныгъэхэмрэ щыхьэт техъуэу, абы кьыхуагъэфэщащ зэхьэзэхуэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я еханэ Урысейпсо мастер-классыр 2012 гъэм щекIуэкIар Мордовие Республикэм и Къалащхъэ Саранскщ. Махуэщ1э зэхэта е къэралпсо зэпеуэм ди республикэм кьыбгъэдэкIыу щыащ Налшык дэт гимназие №29-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Ефэнды Маринэ.** Илъэс 30-м щIигъуауэ а IэнатIэм пэрыт Маринэ ЦIыхубзэ егъэджэныгъэм и отличникщ, и Iэщ1агъэм фIыуэ хещIыкI. Ефэндыр жыджэру хэтщ кьалэ, республикэ, щIыналъэ зэпеуэхэм, увыпIэфIхэри кьыщехь. «ЕгъэджэныгъээЗ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкI къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри, Маринэ къыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэ льапIэмрэ сом мини 100 пэсыр ахъшэ саугъэтымрэ. 2011 гъэм екIуэкIа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальм Ефэндым яп увыпIэр кьыщихьауэ щытащ. Иджырей къэралпсо зэпеуэм Маринэ «ЕгъэджакIуэхэм я егъэджакIуэ» унэтIныныгъэм пашэ щыхьащ.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъэуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм ди лъахэгъу егъэджакIуэхэр хуэзыгъэхьэзырар КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и эксперт нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ, Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIым и къуэдзэ, хэкупсэ нэс **Балэ Людмилэщ**. Лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIу къэгъэуагъэкIуэ адыгэ бзылъхугъэ гуащIэм ящIафIэм зэфIих лэжьыгъэхэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальзэпеуэм зиужь зэпытщ. Иужьрей илъэсхэми абы и утыкуэхэм кьихьащ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэр, абыхэм я гъэсэн зэчиифIэхэр. Адыгэбзэм зезыгъэужь, ар кьэкIуэну щIэблэм яхуэзыхьэмэ лъапкъэпсо проектым кьэкIуэну дахэ зэриIэм шэч хэлъкьым.

КЪАРДЭН Маритэ.

Iуэхум кIэлъыплъа кьэнщIакIуэ гуныым хэтхэм ныбжьыщIэхэми ахэр зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыр егъэджакIуэми ф1ыщIэ хуащIащ, апхуэдэ гъэжьигъэ дэлъ зэфIэкIхэмкIэ, адыгэ хабзэр зэращIэмкIэ. Удэзыльхэт ныбжьыщIэхэр зыхэта «Дыэзэрыщыхуэм», ди гуапэщ», «Хъуэхьу», «Псалъэм и мыхьэнэр», «Гупхэм я пашэхэр утыку кьохьэ», «Усыгъэм и кьарур», «Псалъэзэблэдз», «Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркьым», «Адыгэ уэрэдхэр», «Лъэпкъ кьафэхэр», «Адыгэ Iэнэр» зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми еджакIуэхэм кьыщагъэльэгъуащ и щIэныгъэм и куугъабыр, акъыIым и жанагъыр, гъэсэныгъэм и дахагъыр, Iэпщ1эльапщIагъэр, ябгъэдэхъ нэгъуэщI зэфIэкIхэр.

Iуэхуэм ди республикэм кьыбгъэдэкIыу 2011 гъэм хэтащ Прохладнэ куейм хьыхь Альтуд къуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Къумыкъуэ Светланэ.** И Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ, лэжьыгъэм хуиIэ жыджэрагъымрэ зыхищIэ жуаплныгъэмкIэ ди щIыпIэм щIэрыIуэ щыхъуэ Светланэ и зэфIэкI лъагэр щигъэльэгъуащ къэралпсо зэпеуэм. Абы ита мастер-классыр нэхъыфIхэм халъытащ икIи абыкIэ егъэджакIуэм ещанэ увыпIэр кьихьащ. Светланэ и дерсым Iэзэу хуэхуэна хъуат ди лъэпкъ хабзэри, щIэныгъэм и телъэ дахэри, адыгэ фащэм и зэхэлъкIэхэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэри. Апхуэдэу Къумыкъуэ щытекIуащ «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» унэтIныныгъэмэ. Бгъэдэлъ IэкIуэлъакIуэмрэ кьихьа текIуэныгъэхэмрэ щыхьэт техъуэу, абы кьыхуагъэфэщащ зэхьэзэхуэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я еханэ Урысейпсо мастер-классыр 2012 гъэм щекIуэкIар Мордовие Республикэм и Къалащхъэ Саранскщ. Махуэщ1э зэхэта е къэралпсо зэпеуэм ди республикэм кьыбгъэдэкIыу щыащ Налшык дэт гимназие №29-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Ефэнды Маринэ.** Илъэс 30-м щIигъуауэ а IэнатIэм пэрыт Маринэ ЦIыхубзэ егъэджэныгъэм и отличникщ, и Iэщ1агъэм фIыуэ хещIыкI. Ефэндыр жыджэру хэтщ кьалэ, республикэ, щIыналъэ зэпеуэхэм, увыпIэфIхэри кьыщехь. «ЕгъэджэныгъээЗ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкI къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри, Маринэ къыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэ льапIэмрэ сом мини 100 пэсыр ахъшэ саугъэтымрэ. 2011 гъэм екIуэкIа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальм Ефэндым яп увыпIэр кьыщихьауэ щытащ. Иджырей къэралпсо зэпеуэм Маринэ «ЕгъэджакIуэхэм я егъэджакIуэ» унэтIныныгъэм пашэ щыхьащ.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъэуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм ди лъахэгъу егъэджакIуэхэр хуэзыгъэхьэзырар КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и эксперт нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа, егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ, Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и унафэщIым и къуэдзэ, хэкупсэ нэс **Балэ Людмилэщ**. Лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIу къэгъэуагъэкIуэ адыгэ бзылъхугъэ гуащIэм ящIафIэм зэфIих лэжьыгъэхэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальзэпеуэм зиужь зэпытщ. Иужьрей илъэсхэми абы и утыкуэхэм кьихьащ егъэджакIуэ Iэкіуэлъакіуэхэр, абыхэм я гъэсэн зэчиифIэхэр. Адыгэбзэм зезыгъэужь, ар кьэкIуэну щIэблэм яхуэзыхьэмэ лъапкъэпсо проектым кьэкIуэну дахэ зэриIэм шэч хэлъкьым.

КЪАРДЭН Маритэ.

Ефэнды Маринэ

Бзэр - ар лъэпкъыр зыгъэлъэпкъ Iэмэпсымэ лъэщщ, абы и тхыдэм, гъащIэм, Iуэхущ1афэхэм щыгъуазэ хахуэзыщ Iэмал гъуэзэджэщ. Ди анэдэлъхубзэр кьытщIэхъуэ щIэблэм яIурылъу, абы пщIэ хуащIу, и Iэфiагъыр зыхащIэу кьэзгъэтэджыным, ди лъэпкъ хабзэ дахэхэм щIэпIыкIыным гулъытэщхъуэ щыхуащI Прохладнэ районым хьыхь Къэрэгъэщ къуажэм дэт курыт школ №2-м. Абы и щыхьэтщ Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу абы щрагъэкIуэкIа дерс зэIуахэр, кьыщыгъэррагъэпэща классщIыбэ зэIущIэхэр.

МАЗЭ ПСО

Гулъытэрэ пщIэрэ зыхуэфащэ цIыхум теухуа тхылъ

**КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэмкIэ и хэсрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, журналист Хьэгуарэ Джамилэ «Юрий Темирканов. Монолог» фIыщIэу къыдигъэкIа тхылъыр къаэрыщыхъуар къагъэнаIуэу Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм пшыхь гуапэ щекIуэжIащ. СССР-м и цIыхубэ артист, «Хэкум и пащхьэ» щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и нагъыщапIри зыхуагъэфэща дирижёр цIэрыIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ щыщ тепльэгъуэхэр езым къыщIиуэтэж ящэ лэжьыгъэщ ар. Темыркъаныр дэлэжьахэри, и ныбжьэгъуэри, Iыхьыхэри, и зэфIэкIым пщIэ хуэзыщI нэгъуэщI цIыхухэри зэкIуэлIа пшыхьым гупсэхуу щытепсэлъыхьащ маэстрэр зэращIыхуми, абы и Iэщ Iагъэр зыхуэдэу къаалытэми.

- Темыркъан Юрэ щIыналъитI щIэрыIуэ ищIащ. Ар - езыр къыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыкъ щыпсэу Санкт-Петербург къаламрэщ. Абы и зэфIэкIыр Урысейм и мызакъуэу, дуней псом и хъугъуэфIыгъэщи, уримыпагэнкIэ Iэмал иIэ-кым, - жиIащ Хьэгуарэ Джамилэ. - 2012 гъэм Юрэ и щIыхькIэ Налшык къыщIэзIутхащ симфоние макъамэмкIэ дунейпсо фестивалыр, къыкIэлъыкIуэ ильэсым ар теухуауэ щытащ дирижёр цIэрыIуэм и ныбжьыр ильэс 75-рэ зэрэрикъум. Лъэпкъ музейми дыдэрыгушхуэн лэжьыгъэ зэфIигъэкIащ, Темыркъаныр и сурэт-гъэлъэгъуэныгъэр къызэригъэпэщри. Идыу ди тхылъым дэ къыщыгъэлъэгъуэну дыдэу щIэкъуар, и дирижёр Iэщ Iагъэм къыщынэмыщIауэ, ар гупсысакIуэу (философ) икIи цIыху жьэнахуэу зэрыщытыр нэхъыбэм егъэщIэнырщ. ЖысIэфынкуэ тхылъым сфIэфIу икIи си гуапэу селэжьауэ.

УФ-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор ХьэIупэ Джэбрэйил псаалъэ щратым къыхигъэщащ ильэс 50-м щIигъуэуэ зэмыгъэжьауэ дирижёрым теухуауэ куэд дыдэ зэрыжиIэфынур.

- Темыркъан Юрэ и цIыху щIыкIэм утепсэлъыхьмэ, ар философ Iущщ. КъызэрыщыхьымкIэ, Хьэгуарэ Джамилэ лэжьыгъэшхуэ хуэзфIэкIащ, абы и тхылъым дирижёр цIэрыIуэм и гупсысIи хэтщ, нэпсыр къезыгъакIуэ и гукъэкIыжхэри мащIэкъым. ГъащIэм гуфIэгъуэри нэщхъеягъуэри чэзуэр зэрызэблихъуэ ещхьу, Темыркъанми и къекIуэкIыкIар, нобэ зыгъэгуфIэмрэ зыгъэгумэщIымрэ абы къыщыгъэлъэгъуащ. Тхылъым Юрэ «къопсэлъыкI», зы видеофильми дыщIыгъужамэ, лэжьыгъэм и мыхъэнэм уасэ иIэхъэнтэкъым, - жиIащ ХьэIупэм. - Зэрэгъыж щыщ щIалэм Тхьэр къыхуэупсат зэчийкIэ, гуапагъэкIэ, цIыхум Хэкумрэ лъэпкъымрэ хуиIэн хуей льагъуныгъэкIэ. ЖыхуэсIэхэр зыхэлъым, дауи, дуней псор зригъэдэIуэфынущ. Апхуэдэ къаруушхуэ хэльщ Темыркъаным. И благъэхэм ар зэратепсэлъыхьар-щэ?! Тхылъым къыхощ Юрэ и къуэш нэхъыжьитIми яхуэгумащIэу, яхуэжьмарту, зы щIакъуэ Iыхьэр зэдагъэшыфу къызэрыхъуар. Абыи куэд къыбжеIэ. Владимир тхьэмыщкIэр нобэ къыхтхэжьмытыжми, адыгэ лъэпкъыр дропагэ Темыркъан зэкъуэшхэм я гуащIэм.

- Тхылъ щIэщыгъуэ хъуащ нобэ дыдэхуэзышIэсар. УхущIэмыхьэу абы уетIысыпIэ хъунукъым, дэтхэнэ гупсысэри псалъэри уи псэм пхыбгъэкIыу еджапхъэщи, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Фырэ Руслан. - МащIэу сызыщытхъуажьинщи, сэри сыкъыщыхъуащ Темыркъан Юрэ и къуажэм. Псыежэх зимыIэ языныкъуэ жылэхэм хуэмыдэу, Зэрэгъыж щыIэщ, и уэрам нэхъыщхьэр Лениным и проспектым нэхърэ метритKIэ нэхъ бгъуэщ. Ар дэ дыщысабийм лъэбакъуэкIэ къэтпущу щытащ. Апхуэдэ къуажэ дахэм епхащ Юрэ и къуэпсхэр.

Ди къуэш нэхъыжьым и ильэс 75-р Санкт-Петербург щащагъэлъэпIам, ди республикэм икIа цIыху гупым сэри сахэтат. ЗэрыжьсIэжащи, абы щытлъэгъуар телъыджэт. Пщыхьэщхьэу, Юрэ и унэ дригъэблэгъагъуэ уэрамым дыздрикIуэм, Iэджэ къыбгъэдыхьэрт и гъуэгу рэт зытрагъэхыну къелъэIуу. Юрэ зыри игъэщIэхъуртэкъым икIи пагагъ гуэри дэплъагъуртэкъым. Езым уедэIуэну нэхъ гъэщIэгъуэныжщ. Тхъэм иджыри кэдрэ ди ящэ иригъэт, и къарри мыкIуэщIу тхуигъэпсэу.

Санкт-Петербург филармонием и академическэ симфоние оркестрым Темыркъан Юрэ и пашэу игъэзащIа лэжьыгъэмрэ (Чайковский Пётр еIуэ) я видеоклипыр пшыхьым щагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу зэуэщIэр ягъэдэхащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием камерэ музыкэмкIэ и «Камерата» ансамблымрэ ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым ШЭнхабзэмрэ гъуэздджэмкIэ и институтым и пшынаэу гупымрэ.

- «Лъэпкъ цIыкIу щыIэкъым, щыIэр цIыху зи мащIэщ», - щыжеIэ Темыркъаным Хьэгуарэ Джамилэ игъэхьэзыра тхылъым, - къыхигъэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Ар пэжщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэри цIыху зи мащIэ лъэпкъэм дыхеубыдэ. Апхуэдэу хъуами, дэ къытхэкIащ дуней псор зи зэфIэкIкIэ къэзыхьэхуа Темыркъан Юрэ хуэдэхэр. Ар и Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI къудейкъым, атIэ хабзэ зыхэлъ лIыфIщ. И махуэшхуэр иджыблагъэ Санкт-Петербург зэрыщагъэлъэпIар сэри сигу къэзгъэкIыжмэ, сфIэфIу зы Iуэху цIыкIу фыщыгъэгъуэзэнут: Путин Владимир дицIыху пажэм къехъуэхъуну пэшым къыщыщIыхьам, псоми зэдэтIэтат бжьар. Юрэ и закъуэт Iэгубжьэ зымыIыгри, абы зы еупIащ зыри щIимыIыгъымкIэ. ЖиIаращ: «Си къуэш нэхъыжьыр щысщ, сыхуиткым». Юрэ и губзыгъагъэр, къуэш нэхъыжьым пщIэ зэрыхуиущIыр абыкIэ нэрылъагъут. Темыркъаным а махуэм дуней псор къехъуэхъуат жыпIэмэ, дыщыуэну къыщIэкIынкъым. Америкэм щыщ композитор гуэрым къигъэхьа хьуэхъу тхыгъэм итат: «Дыпхуоэщ; утпэжьжьэми, фIыуэ удолъагъу, маэстрэ!». Нобэ дэри а псалъэхэр жыдоIэ Юрэ хуэгъэзауэ: Тхьэм ильэс куэдкIэ лъэпкъым узынпэу хуэлэжьэн ующI!

- Темыркъан зэкъуэшхэм ятеухуа сыт хуэдэ Iуэхуми цIэрэмакъыми сэ сыхуэсакъыпэу сыт щыгъуи сыбгъэдохьэ, - къыхигъэщащ КъБР-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис. - Ди республикэми къэралми абыхэм хуащIар зыхуэдэр къэлъытэмэ, ахэр къэзылъхуа Блинэ фэеплъ хуэдгъэув хъунущ. Зэкъуэшищым - Владимир, Борис, Юрэ - я зэхуищытыкIэ екIур, зэрызэкъуэтыр сэркIэ щащхъэу къекIуэкIащ. Владимир сурэтыщI Iэзэт. Абы сыткIи дэпльеящ адрэ тIур, пщIэ хуащIащ. Дрогушхуэ дэтхэнэми и зэфIэкIым.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Темыркъан Пётррэ Нестеренкэ Ольгэрэ Юрэ щIыхь зиIэ пшыхьым щагъэгъуэкIа Рахманинов Сергей и зы лэжьыгъэ. ЦIыхухэм ягу ирихьащ тхылъыщIэм щыщ пычыгъуэхэм Созаев Ахъмэт (дзэкIэкIуэ) жьакIуэу къыщэреджар.

И тхылъым теухуа зэхьыхьэм цIыху куэд зэрекIуэлIар и лъэпкъэгъуэм Юрэ фIыуэ зэралъагъуэ, пщIэ зэрыхуащIым и щыхэту къильытащ Хьэгуарэ Джамилэ. «Тхылъыр згъэхъэзырыну дэзыхь къысхуэзыщIа Темыркъан Юрэ, апхуэдэу ар къыдэгъэкIынымкIэ сэбэп къысхуэхъуа псоми фIыщIэ яхузощI. Маэстрэм сыIущIэну. Гъэлъэну, иригъэкIуэкI пшыхьхэм сыхэтыну Iэмал сызэриIар си дежкIэ пщIэшхуэщ, сщымыгъупщэнухэм ящыщщ», - жиIащ абы.

Темыркъан Юрэ и автобиографие тхылъу «Монолог» р ящэу къыдэкIауэ аращ, псыпэр езышэжьа Хьэгуарэ Джамилэ и лэжьыгъэм цIыхухэр хуэарэзыщ. ЦIыгъуаэр дызэрыхъуамкIэ, мы зэманым дирижёр цIэрыIуэр Америкэм щыIэщ, узынпэну, иджыри ильэс Iэджэкlэ лъэпкъым хуэлэжьэну дыщогуть.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Пшыхьхэр

ХьэIупэ Джэбрэйилрэ Хьэгуарэ Джамилэрэ



Фырэ Руслан

Шэджэм щыщ Сандро и адэ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зэныкъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым пшыхь гуапэ щекIуэжIащ урыс тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ, СССР-м (1989 гъэ), УФ-м (1994 гъэ) я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Художествэ-хэмкIэ Урысей академием хэт Искандер Фазиль кьыэралъхуэрэ ильэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, Зэхьхьэр къыэзригъэпэщащ КъБР-м ЦIрихабзэмкIэ и министерствэм, «Опора КБР» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къыдэIэпыкъуэу.

ПШЫХЬЫР иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннэ.**

Искандер Фазиль и тхыгъэхэм къеджащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Мэщыкъуэ Феня, КIэмыргуей Валентин, Балъкъэр Юрэ, Шыбзыхъуэ Басир, Хьэмыку Жаннэ, Тхьэщыгъуей Жаннэ, режиссёр Шэрджэс Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэм и гуащIэм дихьэх куэд пшыхьым щызэхуэсат. Абыхэм фIыуэ ялъагъу цIыхум теухуауэ зыщымыгъуазэ куэди къащIащ.

Искандер Фазиль теухуауэ: Абхъаз Республикэм и Сыхъум къалэм 1929 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыщалъхуащ. И адэр лъэпкъкIэ иранщ, и анэр абхъазщ. Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтыр 1954 гъэм Москва къыщиухащ. Курск, Брянск къалэхэм журналисту щылэжьащ. 90 гъэхэм щыщIэдзауэ Фазиль Москва дэсщ, Урысейм щыпсэу абхъазхэм я зэгухьэныгъэм и нэхъыжьщ. ТхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэжIащ «Сандро из Чегема», «Человек и его окрестности» романхэр, «Стоянка человека», «Кролики и удавы», «Созвездие Козлотура», «Софичка», «Школьный вальс или энергия стыда» повестхэр, «Тринадцатый подвиг Геракла», «Начало», «Петух», «Рассказ о море», «Дедушка» рассказхэр, «Зелёный дождь», «Горные тропы», «Доброта земли», «Молодость моря», «Зори земли», «Путь» усэ тхылъхэр. И тхыгъэхэр псори зэритхар урысыбзэщ. Абыхэм лъабжьэ яхуэзыхьэ Литературэ институтым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элдар, редактору Къумахуэ Асльан, корректорхэу Щоджэн Инир *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр зыщIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ траддэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.766 ● Заказ №486

● Ди махуэгъэпс

КIэмыргуей Валентинрэ Шыбзыхъуэ Басиррэ

Мэшыкъуэ Феня

Тхьэщыгъуей Жаннэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Бэлэтокъуэ Светланэ игу къигъэкIыжащ Темыркъан Юрэ япэу цIыльэгъуа, къыщицIыхуа зэманкэр.

Темыркъан Пётр

● Паралимп Джэгуэр

Нэхъапэм зэи къэмыхъуауэ

Сочэ щекIуэкI XI Щымахуэ Паралимп Джэгуэм зэрыщIидзэрэ блэкIа махуитфым кьрифыбыдзу Урысей Федерацэм и спортсменхэм дыщэ медаль 16 кьахьащ. Апхуэдэ екъуIэныгъэ ди къэралым нэхъапэм зэи пIакъым.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и етхуанэ махуэм Урысей Федерацэм и паралимпийцхэм дыщэ медалу тху, дыжьынрэ жэзу пIлыпIлI зыIэрагъэхьащ. Сочэ щекIуэкI Паралимпиадэм епланэу чемпион щыхьащ Петушков Роман. Биатлоным тIунейрэ зэрыщытекIуамрэ лыжэкIэ километр 15-м кьыэрыщытежамрэ абы дыщIигъащ щысу лыжэмкIэ спринтым кьыщихьа дыщэ медаль. Ар лъэщIыхьэжащ ильэспилI и пэкIэ Ванкувер пIэнеирэ чемпион щыхьащ Зарипов Ирек, мы зэхьэзэхуэхэм зы медали зэкIэ кьыщIэзымыхьыфам.

Цыхубэхэм лыжэ спринтымкIэ я зэпеуэм щытекIуэ Милениндэ Аннэ. Иджы абы Сочэ щызэхуихьэсащ медалым и лIэужьыгъуэ псори.

Цыхухъухэм щыту лыжэмкIэ спринтым и финалым нэса цIыхухэр Урысей Федерацэм щыщт. Абы текIуэныгъэр кьыщихьащ Михайлов Кирилл.

Зи нэхэм фIыуэ ямыльагъу цIыхубэхэр лыжэкIэ кьыщIэздэжэм псоми ефIэкIащ Лысовэ Михалинэ. ЦIыхухъухэм я деж дыдейхэм ящыщу нэхъыфIар ещанэу кьэса Пономарёв Олегщ.

Бгым лыжэкIэ кьежэхьы-нымкIэ зэпеуэм Францевэ Александрэ щытекIуащ. Абыи, Милениндэ хуэдэу, Сочэ медаль лIэужьыгъуэ псори щызэщIикъуащ.

КёрлингымкIэ зэхьэзэхуэм пащэ. Урысей Федерацэм и спортсменхэм вэсэмахуэ хагъэщIащ Великобританиемрэ Норвегиемрэ.

Араущи, Сочэ щекIуэкI XI Щымахуэ Паралимп Джэгуэм зэрыщIидзэрэ блэкIа махуитфым кьыщIахьэжкIэ официальнэу щымыт командэхэм я зэпеуэм Урысей Федерацэр адрейхэм куэдкIэ япэ щищащ. Абы медаль 47-рэ зыIэригъэхьакIэщ. ЦIыхуспIлI и пэкIэ Ванкувер щыIа Паралимпиадэм ди спортсменхэм псори зэхэту кьыщахьам (медаль 38-рэ, абы щыщу 12-р дыщэу, 16-р дыжьыну, 10-р жэзу) ар хэпщIыкIыу йофIэкI. Дыдейхэм кьакIэлъыкIуэ Германием зэкIэ иIэр Паралимп чемпиону 6-щ, Украинэм - 3-щ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Милениндэ Аннэ

XI Щымахуэ Паралимп Джэгуэхэм къыщахьа медалхэр *(гъатхэпэм и 13-м ирихьэлIэу)*

Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1. Урысей Федерацэ	16	18	13	47
2. Германие	6	0	0	6
3. Украинэ	3	4	7	14
4. Канадэ	2	3	4	9
5. Австрие	2	2	0	4
6. Словакие	2	1	2	5
7. Японие	2	1	2	5
8. Франджы	2	1	1	4
9. Великобритание	1	2	1	4
10. Швецие	1	1	1	3

Нэкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ

Налшык къалэ прокуратурэм къыщыщтащ пщалъэ-правовой актэхэмрэ абыхэм я проектхэмрэ коррупцэ нэщэнэхэм зэрыхуэхейр зэхэгъэкIыным хуэунэIуэу законодательствэм къигъэувкэр республикэм и щыхьэрыгъ и щыпIэ администрацэм зэрригъэзащIэр.

● КъБР-м и прокуратурэм

«Пщалъэ-правовой актхэмрэ НПА-м и проектхэмрэ коррупцэ хуэмэбжьыныкъэм зэрыщащхьыщу экспертизэм и Iуэхуэкъ» 2009 гъэм баддзэуэ Къэбэрдей-Балъкъэр къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 2-нэ статьям и япэ пунктым ипкъ иткIэ, пщалъэ-правовой актхэм я проектхэр фIэкIыпIэншэу экспертизэ щыныр пщалъэ-правовой актэр (абыхэм я проектхэр) коррупцэ нэщэнэхэм зэрыхуэхейр зэрызэхагъэкI Iэмал нэхъыщхьэщ.

КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, Налшык къалэ округым и администрацэм пщалъэ къыпэн зиIэ правовой акту 87-рэ нэгъабзэ кьыщащ. Ауэ а проектхэр коррупцэ хуэмэбжьыныкъэм зэрыхуэхейр экспертизэ ящIакъым.

КъыщыпэмыщIауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ пщалъэ-правовой актхэр зэрауб-зыху, щыкIэм и Iуэхуэкъ» 2009 гъэм мазаем и 27-м кьыдэкIа КъБР-м и Закон №18-РЗ-м къыгъэувэр къыэзэпаудри, пщалъэ-правовой акт 87-ри, щыпIэ самоуправленэмкIэ советым кьыщта апхуэдэ тхылъыщри щатар пIалъэу хуагъуэ махуэ 15-р фIэкIауэщ.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, кьаахуа ныкъусаныгъэхэр ирыгагъэзэкIуэжьын папщIэ, Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнэгъэ зыгъэзащIэмрэ щыпIэ самоуправленэмкIэ ирегъэтым и унафэщIымрэ я цIэкIэ тхылъхэр ятхащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIымыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэнан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьжыкьарэ Алик, ШЦхьэцумыщI Изэ.**



Эныгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яригъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкIэм и хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щрихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ Iанэхэм ядлъэжьнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iанэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхъа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еильакIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ нощт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэщым и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iанэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.